




Ministè Travo Piblik, Transpò
ak Kominikasyon (MTPTC)




Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Direction du développement
et de la coopération DDC




Bon jan règ pou n bati kay ki pi solid

1. KI PI BON KOTE POU BATI KAY?




2. FÒM KAY LA

FÒM SENP
AK PANNÒ MI KI GEN CHENAY LADAN L:
WI




FÒM KONPLIKE
AK PANNÒ MI SAN CHENAY :
NON





3. FABRIKASYON BLÒK


1. MELANJ :



2. METE NAN MOUL, BYEN VIBRE, BYEN PESE.



3. BETON AP FÈ PRIZ : Kouvri blòk ki fenk fèt yo pandan 1 jou.



4. WOUZE BLÒK YO AK KOUVRI YO : chak jou pandan 7 jou.



5. ESTOKE BLOK YO : nan lombray pandan 10 jou.

4. AN NOU TESTE BLÒK BETON YO

NON

Si 2 ou 3 blòk sou 5 kraze :
blòk sa yo pa bon. Ale achte blòk
nan yon lòt fabrik.



Anvan nou achte blòk nan
yon fabrik, leve youn aprè
lòt 5 blòk fabrik sa a wotè
tèt ou epi lage yo atè sou
yon makadam an beton.



WI

Si 1 blòk sou 5 pou pi plis kraze :
blòk sa yo bon. Ou mèt achte yo.



Se pou n achte bon blòk nan fabrik, menm si
yo koute 5 Goud pi chè.
Pou yon kay ki mezire 4 m pa 4 m, sa fè
2'500 Goud an plis.
Pou 2'500 Goud sa, **OU KA SOVE LAVI
ANPIL MOUN!**

5. CHENAY YO



Chenay nivo (senti) sou tèt mi yo gen anpil enpòtans :
se grès a yo ke tout kay la mare ansanm :

WI



Depi pa gen chenay nivo (senti) ki pase sou tèt mi yo,
mi sa yo ka tonbe fasil fasil :


NON



6. KONEKSYON AMATI NAN KWEN YO




Lan kwazman chenay, amati ki andedan yo ale pi andeyò, tankou dwèt nan de men ki kwaze.




7. DISTANS KI SEPRE ETRIYE YO NAN YON CHENAY APLON (POTO)

CHENAY APLON (POTO) :
Sou premye ak denye 60 cm
yo, kite pou pi plis 10 cm
nan mitan etriye yo.





8. KONSTRIKSYON DAL BETON



9. ETRIYE AK EKATÈ

ETRIYE :

Kase tèt etriye yo, pliye pwent yo 45 degre.
Distribye tèt etriye yo nan tout kwen chenay la.



EKATÈ :

yo la pou soutni amati yo,
pou ke amati yo byen chita nan beton an.

Plen ak mòtye yon moule ki fè 3 cm otè.
Foure yon ti mòso fil fè nan chak ti kib an beton.

10. KÒMAN POU N FÈ MELANJ BETON



1. Fè yon pil ak gravye, sab ak siman. Pa ajoute dlo.



2. Brase epi deplase pil la pèl pa pèl.



4. Lè sa a selman, ajoute dlo. Rebrase tout pil la ansamb.



3. Rebrase epi deplase pil la yon dezyèm fwa ankò pèl pa pèl.

MELANJ :

Siman : 1 bokit
Sab lave : 2 bokit
Gravye (max. 3/4") 4 bokit
Dlo : mwens pase 1 bokit

TRÈ ZENPÒTAN:

Sèvi ak beton an nan yon delè ki pa depase inè d tan !
Se pou sa nou pa dwe brase twòp beton alafwa.

TÈS :


Yon beton ki koule nan fant dwèt ou gen twòp dlo.



11. TRAVAY MASONRI

Kite 1 pous nan mitan blòk yo ak etriye yo

Mouye blòk yo anvan n poze yo sinon y ap bwè dlo nan mòtye a tankou yon eponj.




MELANJ POU MÒTYE :

Siman : 1 bokit
Sab lave : 5 bokit
Dlo : 1 bokit

Epesè jwen mòtye nan mitan 2 blòk : lajè yon ti dwèt.


Pa jou, pa monte okenn mi piwo pase 1,20 m sou tout mi ki te deja nan kay la.



12. POU BETON KI BYEN KOULE

Pa janm mete dlo an di plis pou fè beton an vinn pi likid !
Se kòm si ou te melanje dlo ak byè : rezilta a pa bon ditou.


Koule chenay nivo (senti) entèmedyè a — yo rele li ankò bann sismik entèmedyè — an menm tan ke chenaj aplon (poto).



Sèvi avek yon bout fè ak yon mato pou ede beton an byen desann epi byen chita.

CHENAY APLON (POTO) :
Pou gen pi bon rezilta, koule beton chenay aplon (poto) yo pa etap, pa depase 1,20 m otè pou pi plis chak fwa (otè 6 blòk).

13. POU RANFÒSE OUVÈTI AK BANN SISMIK YO



Detay sou kòman pou renfòse fenèt ak pòt.

Detay sou kòman pou fixe, nan ang yo, bann sismik yo sou chenay aplon (poto) yo.


14. BYEN PRAN SWEN MASONRI AK BETON

PRAN SWEN YON DAL :

Kouvri anwo dal yo ak ti basen ki fèt ak sab oswa tè. Mete dlo nan basen sa yo pandan 1 semèn.

PRAN SWEN YON BETON :


- Wouze kofraj yo 3 fwa pa jou.
- Dekofre chenay yo sèlman apre 3 jou.
- Wouze beton dekonfite a pandan 7 jou.
- Kouvri ak prela chak fwa.



PRAN SWEN YON MI :


Wouze mi yo epi kouvri yo ak prela.

15. MI SOUTYEN AN WOCH





WI

Mete wòch yo kouche pou yo ka pi estab.



NON

Pa met wòch yo kanpe.



Chenay nivo (senti)
baz kay la



1 longè

5 longè

Fondasyon
kay la

Chenay
aplon
(poto) mi a

Chenay
nivo (senti)
mi a



Pwofondè :
- sol ròch 30 cm
- sol mou 90 cm

Evite konstwi kay la sou yon mi soutyen.
Si nou pa gen lechwa, kay la pa dwe depase 1 etaj (kay bas) !

PWOPÒSYON NOU
DWE RESPEKTE



MTPTC

Ministè Travo Piblik,
Transpò ak Kominikasyon



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Direction du développement
et de la coopération DDC

Koperasyon peyi Lasuis an Ayiti

Sant Konpetans pou Rekonstriksyon CCR

SA NOU DWE SONJE

POU MELANJ YO

Mòtye :

Siman : 1 bokit
 Sab lave : 5 bokit
 Dlo : 1 bokit

Beton :

Siman : 1 bokit
 Sab lave : 2 bokit
 Gravye max. 18 mm (3/4"): 4 bokit
 Dlo : mwens pase 1 bokit

Sèvi ak beton an nan yon delè ki pa depase inè d tan. Se pou sa nou pa dwe brase twòp beton alafwa.


Melanj pou blòk :

Siman : 1 bokit
 Sab 0 à 6 mm : 7 bokit
 Dlo : mwens ke 1 bokit

Valè tan anvan yon blòk pare :



Fabrikasyon : 1 jou
 Pou wouze epi kouvri : 7 jou
Pou l vin n di nan lonbray : 10 jou
 Total jou anvan li pare : 18 jou

POU AMATI YO




Kwochèt a 45°

Altène pozisyon yo.



Longè rekouvreman.



MTPTC

Ministè Travo Piblik,
 Transpò ak Kominikasyon

Kalandriye sa a gratis. N ap jwenn li :

nan MTPTC, nan lakou Laboratwa Nasyonal pou
 Batiman ak travo Piblik LNBTP,
 Delmas 33, Ri T. Louvèti nimewo 27, Pòtoprens

ak tou nan Sant kompetans pou
 Rekonstriksyon CCR,
 Ri Metelis nimewo 48, Petyonvil



Schweizerische Eidgenossenschaft
 Confédération suisse
 Confederazione Svizzera
 Confederaziun svizra

Direction du développement
 et de la coopération DDC

Koperasyon peyi Lasuis an Ayiti

Sant Kompetans pou Rekonstriksyon CCR

COPYRIGHT

La présentation ainsi que toutes les utilisations (si pas indiqué autrement) sont protégées par une licence. L'auteur original est la Coopération Suisse en Haïti.



(Paternité - Pas d'utilisation commerciale - Partage des conditions à l'identique).



Paternité - Vous devez attribuer l'oeuvre de la manière indiquée par l'auteur de l'oeuvre ou le titulaire des droits (mais pas de manière qui suggérerait qu'ils vous soutiennent ou approuvent votre utilisation de l'oeuvre).



Pas d'utilisation commerciale - Vous n'avez pas le droit d'utiliser cette oeuvre à des fins commerciales.



Partage à l'identique - Si vous modifiez, transformez ou adaptez cette oeuvre, vous n'avez le droit de distribuer votre création que sous un contrat identique ou similaire à celui-ci.

This work is licensed under the Creative Commons Attribution - Pas d'Utilisation Commerciale - Partage à l'Identique 3.0 non transposé License. To view a copy of this license, visit <http://creativecommons.org/licenses/by-nc-sa/3.0/> or send a letter to Creative Commons, 444 Castro Street, Suite 900, Mountain View, California, 94041, USA.

